



Pou Piblikasyon Imedya: 23/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV MESAJRI DIRÈK POU OGMANTE TO  
VAKSINASYON AK DÒZ SIPLEMANTE COVID-19 LA PAMI NOUYÒKÈ YO**

***Plis Pase 2.5 milyon Nouyòkè te resevwa SMS rapèl***

***Eta New York avize Nouyòkè yo sou enfòmasyon elijibilite enpòtan pou  
vaksinasyon ak dòz siplemantè pou ankouraje plis Nouyòkè pran vaksen an  
sezon fèt sa a***

***Inisyativ yo gen ladan nouvo mesaj tèks SMS an Angle ak Panyòl, notifikasyon  
Excelsior Pass, ansanm ak plis inisyativ dijital ak piblisite***

***Fè pati inisyativ edikasyon ak aksè elaji pou aktivt tout Nouyòkè yo pou pran  
vaksen ak ede pwòch yo***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a inisyativ mesajri dirèk yo pou ogmante to vaksinasyon ak dòz siplemantè COVID-19 la pami Nouyòkè yo pandan sezon fèt la ap apwoche. Pwogram mesajri dirèk la fè pati kanpay kontinyèl ak global Eta a pou asire nou vèl sou vaksinasyon ak elijibilite a rive jwenn Nouyòkè yo dirèkteman, sa ki aktive plis mesaje sou teren. Jodi a, Eta a te lanse setyèm mesaj tèks SMS li, ki deplwaye an Angle ak Panyòl. Tèks la raple Nouyòkè yo pou selebre yon sezon fèt an sekirite avèk pwòch yo nan asire timoun ki gen 5 ane ak pi gran yo vaksinen kont COVID-19 epi Nouyòkè elijib ki gen 18 ane ak pi gran yo resevwa [dòz siplemantè](#) yo.

"Inisyativ mesajri dirèk sa a fè pati kanpay plizyè nivo New York la pou angaje fanmi New York yo nan asire tout moun nan fwaye yo vaksinen epi ajou avèk dòz vaksen ki rekòmande yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan kad pil estrateji enfòmasyon piblik nou an, nan itilize mesaj tèks SMS ak notifikasyon Excelsior Pass - nou kapab atenn plis Nouyòkè avèk mesaj enpòtan sa yo, epi enspire menm sila yo ki vreman ankouraje pou ede lòt yo nan kominote yo a. Lè ou pran vaksen an ak dòz siplemantè ou a, ou kontinye non sèlman pwoteje tèt ou, men tou pwòch ou yo. Vaksen yo enpòtan pou pwofite yon sezon fèt an sante avèk fanmi ak zanmi epi mwen ankouraje anpil Nouyòkè yo pran vaksen an pou ede anpeche pwopagasyon viris mòtèl sa a".

Pandan y ap deplwaye an Angle ak Panyòl, moun yo ki te inisyelman resevwa vaksen yo epi ki te bay konsantman pou resevwa mesaj tèks yo pandan yo te nan yon sit vaksinasyon an mas pral resevwa mesaj annapre a:

*Pou yon sezon fèt ki an sekirite, ede tout moun nan fanmi ou pran vaksen. Nouyòkè ki gen 5+ ane yo ta dwe resevwa vaksen COVID-19 la epi sila yo ki gen 18+ ane ki elijib yo ta dwe resevwa yon dòz siplemantè. Vizite: [ny.gov/vaccine](https://ny.gov/vaccine)*

Anplis kanpay tèks SMS la, Eta New York te kreye yon [sitwèb dedye](#) avèk enfòmasyon sou dòz siplemantè yo, dòz adisyonèl yo, elijibilite, kesyon moun poze souvan, epi resous pou founisè yo ki sou teren an pou sipòte nan difizyon enfòmasyon bay popilasyon ki elijib yo ansanm ak [yon nouvo mikwosit](#) pou enfòmasyon sou timoun 5 - 11 ane yo. Jiskaprezan, depi lè dòz siplemantè yo te disponib, Eta New York te voye sèt mesaj tèks ki atenn 2.5 milyon Nouyòkè. Eta a kontinye kominike tou avèk detantè Excelsior Pass yo atravè mesajri notifikasyon push la, sa gen ladan sou dòz siplemantè yo.

Nou kontinye tou travay nou bay mesaje konfyab nan kominote yo ki sou plas, estrateji tanporè espesifik pou piblik la ak inisyativ piblisite tradisyonèl yo tankou nouvo PSAS la te lanse pou [timoun 5-11 ane](#) ak inisyativ #VaxtoSchool Eta a. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon ak pran randevou pou vaksen oswa dòz siplemantè gratis ou a, vizite [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418